ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№179 (21.837) ● 2010 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 25, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

**2010 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщу хьэжыщI кIуэнухэм ядэIэпыкъунымкIэ къызэгъэпэщакIуэ комитетым и Iуэхукlэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Унафэ

*2010 гъэм фокIадэм и 21-м* *№69-РП*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм икIыу ислъам диным и щIыналъэ льапIэхэу Мэчэрэ Мадинэрэ хьжыщI кIуэнухэм ядэIэпыкъун мурадкIэ:

1. 2010 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщу хьэжыщI кIуэнухэм ядэIэпыкъунымкIэ къызэгъэпэщакIуэ комитет убзыхун икIи абы хэтхэр мы унафэм и гуэдзэным зэриты хуэдэу къэштэн.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и УнафэщIым и кьалэнхэр зыгъэзащIэ Жамборэ В. С. хуэзгъэвын къызэрыкIуэ комитетым и лэжьыгъэр щыIэ хабзэхэм тету зэтригъэувэну.

3. Республикэм и къэрал властым и органхэм, щIыпIэ самоуправленэм и органхэм, жылагъуэ зэгухьныгъэхэм, организацэхэм чэнджэщ етын хьэжыщI кIуэхэм ядэIэпыкъуну.

4. МыУнафэм къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент** **КЪАНОКЪУЭ Арсен**

***Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2010 гъэм фокIадэм и 21-м кьыдигъэкIа Унафэ №69-РП-мкIэ къыщIэщ***

**2010 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщу хьэжыщI кIуэнухэм защIэгъэкъуэнымкIэ къызэгъэпэщакIуэ комитетым хэтхэр**

**Жамборэ В. С.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и Унафэщым и кьалэнхэр зыгъэзащIэр *(къызэгъэпэщакIуэ комитетым и унафэщIщ)*

**Агеевкэ И. Н.** - «Урысей Федерацэм ШынагъэщащагъмкIэ и федеральнэ къуалыкъущIапIэм и Гъунапкъэхъумэ управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ» федеральнэ къэрал Iуэхущ1апIэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

**Бесчокъуэ А. Щ.** - Федеральнэ таможнэ къулыкъущIапIэм и Инщэ таможнэ управленэм и Минераловодскэ таможнэм и Къэбэрдей-Балъкъэр таможнэ постым и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

**Герговъ Д. Б.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хьыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ, жылагъуэ зэгухьныгъэхэм ядэлэжьэнымрэ, щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министрым и къудэгъэ *(къызэгъэпэщакIуэ комитетым жуаеп зыхь и секретарщ)*

**Жанатаев С. А.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ЛъэхьыгъэмкIэ, социальнэ политикэмкIэ, узынщагъэр зыгъэнымкIэ и комитетым и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

**Къэушырокъуэ З. Кь.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и Унафэщым и яп къудэгъэ

**Къудей А. М.** - Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министерствэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм Гъуэгуэм шынагъуэнIэу щыIэкIуэнымкIэ и къэрал инспекцэм и управленэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

**Пащты Б. С.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хьыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ, жылагъуэ зэгухьныгъэхэм ядэлэжьэнымкIэ, щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министр

**Пщыхьэщ1э I. М.**- Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Мусыльмэнхэм я дин Iуэхущ1апIэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

**Сокъур О. Хь.** - Iэпхьэушапхьэхэм я Iуэхухэмкlэ федеральнэ къулыкъущIапIэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

**Сунэ А. А.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм транспортымкIэ, связымрэ гъэзэгу хозяйствомкIэ и министрыр.

● Дыгъуасэ

# Профсоюзхэм я махуэшхуэ

**Къэралым профсоюз зэщIэхъееныгъэр къызэрыщежьэрэ илъэси 105-рэ, Урысейм и Профсоюз Щхьэхуитхэм я федерацэмрэ КъБР-м и профсоюзхэмрэ къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 20 зэрырикъум теухуа гуфIэгъуэ зэIущIэ Профсоюзхэм я уардэунэм дыгъуасэ щекIуэкIащ.**

АБЫ ХЭТАЩ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президент **Къанокъуэ Арсен,** Правительствэм и Унафэщ1 **Меркулов Александр,** Парламентым и Тхьэмадэм и япэ къудэдэ **Жаным Руслан** сымэ, нэгъуэщI кулыкъущIэхэр, профсоюз IэнатIэхэм я лIыкIуэхэр.

ЗэIущIэр иригъэкIуэкIащ икIи а IэнатIэм кьикIуа гъуэгуанэм, иужьрей илъэситхум, финанс щытыкIэ гугъум и лъэхъэнэм зэфIагъэкIахэм, адэкIэ ялэжьынуэм зэпкърыхуэу тепсэлъыхьащ КъБР-м и Профсоюзхэм я федерацэм и унафэщI **Тау Пщыкъан.**

Республикэм и Президентыр КъБР-м и Профсоюзхэм я федерацэм махуэшхуэмкIэ екъуэхуащ икIи зэIущIэм крихьэлIаIэхэм псалъэ гуапэкIэ захуигъэзащ.

**УЭРДОКЪУЭ Женя.**
*Сурэтыр* **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

**●КъБР-м и Парламентым и Президиумым**

# Жэщым фадэ ирамыгъэщэну я мурадщ

**КъБР-м и Парламентым и Президиумым зи чэзу и зэIущIэр иригъэкIуащ республикэм законхэр къыдэзыгъэкI и орган нэхъыщхьэм и унафэщI Чеченов Ануар.**

ЗАКОНОДАТЕЛЬСТВЭМРЭ къэрал хуэхэкIэмкIэ комитетым и унафэщI **Iэпщэ Заур** и лэжьэгъухэм яжриIащ Урысей псом цIыхухэр зэрыщатхынум ирихьлIэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым «2010 гъэм Урысей псом цIыхухэр зэрыщатхынум зыхуэгъэхьэзырынымрэ ар егъэкIуэкIынымкIэ щIыпIэ самоуправленэм и органхэм къэрал полномочие щхьэхуэхэр етыным и Iуэхукlэ» КъБР-м и законым и проектыр Парламентым къызэрыщыхьлIхьар. Мы документыр гъэхьэзырынымкIэ къалэнхэр ар зэгъэщIылIа комитетым и пщэ ираугъэхьэри, депутатхэр зэгурыIуащ законопроектыр КъБР-м и Парламентым зэман благъэм иригъэкIуэкIыну зэIущIэм къыщыхалъхьэну.

Президиумым хэтхэр тепсэлъыхьащ КъБР-м и Президентым кьыхилъхьа нэгъуэщI зы законопроектми. «Этил спирту процент 15-м щIигъу зыхэт фадэхэкIхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и розницэ сатум зэрыщацэ зэманыр гъэмэщIэным и Iуэхукlэ» проектым теухуауэ къэпсэльащ Экономикэ политикэмкIэ, мыльку мкIэ, хьэрычэт Iуэхумкlэ комитетым и унафэщI **Марьяш Ириндз.** Абы къегъэув фадэ гуащIэхэр пщыхьэщхьэм сыхьэт 22.00-м щыщIэдзауэ къыкIэльыкIуэ махуэм сыхьэт 10.00-м нэсыху ирамыгъэщэну. Ар фадэу ирафIар гъэмэщIэнымкIэ, чэфхэм жэщхэм ялэжь щIэпхъаджагъэхэм кIэрыгъэхунымкIэ, цIыхухэм я узынщагъэр гъэбыдэнымкIэ сэбэп хъуну къалъытэ.

Президиумым хэтхэр хэплъащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лъэпкъхэм я щэнхабзэ фэепльхэм (тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ я фэепльхэм) я Iуэхукlэ» КъБР-м и Законым и 40 статьям зэхъуэкIыныгъэхэр хэзыльхьа законопроектым. ЩэнхабзэмкIэ комитетым и унафэщI **Рахаев Анатолэ** эрыжиIамкIэ, а законопроектым кьыщыгъэльэгъуащ щэнхабзэм и фэепльхэм зэранытъэ игъуэтынкIэ шынагъуэ щыщыIэм и деж ар зэрыт щIынальэм транспортыр щызэрамыгъэкIуэну е абы и бжыгъэр ягъэмэщIэну унафэ къызэращтэ щыкIэр.

*(КIэухыр 2-нэ нап.).*

**●Дзэлыкъуэ куей**

# Гулъытэ хэха хуащI

**Къэралыр я щIэгъэкъуэну, Дзэлыкъуэ районым щыщ лэжьапIэншэ 272-м нэгъабэ езыхэм я хьэрычэт Iуэху къыдахьжащ.**

КУЕЙМ цIыхухэр IэнатIэкIэ къызэзыгъэпэщ и центрым и унафэщI Хьэщхьэжь Заур къызэрыджиIамкIэ, мыльку м и нэхъыбэр подсобнэ хозяйствэм - Iэщ1ыхъуэрэ джэдкьазрэ гъэхъуным, дэрбзэр Iуэхум халъхьащ.

КьищынэмыщIауэ, жылагъуэ лэжьыгъэхэр къызэрагъэпэщын мурадкIэ, предприятэ, организацэ эмыкIэу Iужьыгъуэхэм зэгурыIуэныгъэ 4 ярищIылIащ. КъащIтэмэ, «Дзэлыкъуэ мэз Iуэхущ1апIэ» ГУ-м IэнатIэншэу 27-рэ, «Плодородие» НПО ООО-м - 62-рэ, Дзэлыкъуэкъуажэ поселкэм и администрацэм цIыхуи 3 кьащтащ. Лэжьыгъэм хуагъэсэн, технологиещIэхэм хагъэгъуэзэн папщIэ, еджапIэ IэнатIэ зэрыщI

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

● Политикэ партэм

*Сурэтыр* **МАМИЙ Руслан**трихащ.

КЪАНОКЪУЭ Арсен:

# «Урысей зэкъуэтым» и псалъэм

## экономикэм зегъэужьынымкІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ

**«Урысей зэкъуэт» партым бадзэуэгъуэ мазэм и пэщІэдзэм Налшык щригъэкІуэжа «2020 гъэм нэсыху Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым игъэтыну социально-экономикэ зыужьыныгъэм и стратегие. 2010 - 2012 гъэхэм ятещыхьа программэ» щІыналъэ зэхуакуэ конференцым кърикІуэхэм щыкІалагъэ щытепсэлыхьащ партым и Къэбэрдей-Балькъэр щыналъэ къудамэм и XIX конференцым.**

«КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЬКЪЭР Республикэм конференцым кІыщыхилъхьащ псори зэхэту сом мелардж 179-м щигъэу зи уасэ проектэ 13. Дэ ди кьалэныр, республикэм и зыужьыныгъэм и унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэр дыубзыхуным кьыдэкІуэу, а проектхэр 2012 гъэм нэсыху гъэзэщІэнырщ. Инвестицэхэм республикэм и бюджетым хэхьэу кьыхуалэжьым хуейщ икІи ягъэщІыхэр валовэ щІыналъэ продуктым хэзыгъэхьэуэну проектхэрщ», - жиІащ «Урысей зэкъуэтым» и Совет Нэхьыщхьэм хэт, республикэм и Іэтащхьэ **Кьанокъуэ Арсен.**

Дэтхэнэ щІыналъэмэ зегъэужьыным пыщІа социально-экономикэ кьалэнхэр дегъэкІыжмкІэ партым иІэ мыхьэнэм и гугъу щищым, Кьанокъуэ Арсен кьыхигъэщхьэхукІащ «унафэщІ парту щыт «Урысей зэкъуэтым» и псалъэм республикэм и хэхьуэхэр гъэбзагъэныжмкІэ, экономикэм псынщІэу зегъэужьыныжмкІэ мыхьэнэшхуэ зэриІэр икІи къыщІигъащ: «Урысей зэкъуэтым» фІыщІэ хуэсщІыну сыхуейщ Урысей Федерацэм и субъектэхэм я административ нэ центрхэм ахьшэ яхуэхъыныжмкІэ унафэ хьащтэным ар егугъуу зэрыхъэлэжьыхьам папщІэ. А унафэм ипкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балькъэрым и кьалащхьэм 2011 гъэм сом мелуан 208-рэ ахьхуэутІыпщ икІи а ахьшэр дэ ди кьалащхьэм и уэрам нэхьыщхьэр - Лениным и уэрамыр къэгъэщэрэщІэжьым тедгъэкІуэдэну ди мурадщ».

Партым и щІыналъэ зэхуакуэ конференцым къыщІихалъхьэну инвестицэ проектхэр къыщыхахым япэ ирагъэщащ щыхуэхэм я псэукІэр къэзыгъэщІэрэщІэжьыну, езыгъэфІэкІыну кьалытэхэр. Апхуэдэхэм ящыщу партым и щІыналъэ къудамэм и секретарь **Жаным Руслан** кьыхигъэщхьэхукІащ полиэтилентерафталат щащІыну «Полимер кьабзэхэр къыщІэзыгъэкІ «Этана» завод» ООО-р. Кислороднэ кьалэм щрагъэкІуэда пленар зэІущІэм экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкІэ и министр **Мусуков Алий**, Прохладнэ муниципальнэ районым щыщ Краснослъскэ къуажэ жылагъуэм партым и кьудамэу щыІэм и секретарь **Голубничий Пет**р сымэ.

**ШУРДЫМ Мадинэ.**

# Жэщым фадэ ирамыгъэщэну я мурадщ

*(КІэухыр. Пэщ Іэдзэр 1-нэ нап.).*

Апхуэдэу депутатхэр тепсэлыхьащ «Егъэджэныгъэм и Іуэ хукІэ» КъБР-м и Законым и 31 статьям хальхъэ зыныкъыуэ зэхъуэкІыныгъэхэр щыуГбзыуэ законопроектым. Мы Іуэхум егъэщІыпІа комитетым и унафэщІ **Дадэ МуІэед** жиІащ федеральнэ законодательствэм зэхъуэкІыныгъэхэр зэрыхалъхьам кьыхэкІыу документыр зэрагъэхьэзырар. Абы ипкъ иткІэ, КъБР-м и къэрал властым и орыгъэр хуит ящІ. Муниципальнэ еджапІэхэм я мызакъуэу, къэралым Іэщ1эмыльэ курыт еджапІэу къэрал аккредитацэ зиІэхэм щІэс сабийхэри гъэщхэным трагъэкІуэдэн папщІэ ахьшэ хуэутІыпащІыну.

Зыхуэфащэ комитетхэр елэжьыжьа нэужь, а законопроектхэр КъБР-м и Парламентым и зэІущІэм кьыщыхальхьэнущ.

Прокурадиумым хэтхэр тепсэлыхьащ законхэр кьыдэгъэкІыным теухуауэ УФ-м и адрей субъектхэм я парламентархэм кьыхалъхьа жэрдэмхэмрэ федеральнэ закон щхьэхуэхэм зетухуэу кьаткахэмрэ.

Парламентым и лэжьыгъэ зэгъэуІуныкмкІэ, регламентмкІэ, депутат щэнхабзэмкІэ комитетым и унафэщІ **Щыхъэлы Занрэт** кьыпсэлъам едаІуэри, Президиумым хэтхэм ящафэ кьащтащ «Стандартизацэмкі», метрологиемкІэ, сертификацэмкІэ Къэбэрдей-Балькъэр центр» федеральнэ хэрал ІуэхущІапІэм и лэжьакІуэхэу Кочкаров Роман Бикуаевичыр, «Метрологиемкі» етІуанэ категорие зиІэ инженерым, Мартыненкэ Валентинэ Михаил и пхъум - етІуанэ категорие зиІэ экономистым, апхуэдэу Попов Николай Михаил и кьуэм - Прохладнэ кьалэ окрым и «Кьалэ кьабзэ» муниципальнэ предприятэ зэгъэтым и шоферым, Тесля Александр Георгий и кьуэм - Прохладнэ кьалэ округым и администрацэм щІэныгъэ гуэдзэн щрагъэпъуэт и «Сабий художественэ щкол» муниципальнэ еджапІэм и унафэщІ, Чередник Наталье Василий и пхъум - Прохладнэ кьалэ округым и «Бюджет Іуэхущ1апІэхэм я бухгалтерскэ учетымрэ отчетымкІэ зэпрагъэхьэзырыну» къэпщІэтэныгъэ иригъэкІуэкІынущ икІи лъэныкъуэ кьиІытэхэр Налшык кьалэ округым и администрацэм хуигъэхьынущ.

**БОРУКИНСКАЯ Татьянэ,**

*КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ1апІэм и лэжьакІуэ.*

● Про хладнэ куей

## Псы кІуапІэхэр зэрахъуэкІ

**«2002 - 2010 гъэхэм КъБР-м и ЖКХ-р реформэ зэращІынымрэ зэрыгъэфІэкІуэнымрэ» республикэ программэм хэхам тету. Прохладнэ куейм и жылагъуэхэм зи пІалъэр икІа псы кІуапІэхэр щыІэрахъуэкІ.**

«САМЕРС-9» подряд организацэм Придорожнэ къуажэм псы кІуапІэу километрыт щигъу щыІэригъэпэщІажащ, гуэшІэпІэхэм щащІэлъэпІлъ щыІэпІэхэр кьрищІыкІащ, мафІэсгъэныкІыным я Іамэпсымэ пыдзапІэхэр тригъэуващ. Мы зэманым Граничнэ къуажэм бжьамийэр щахъуэж. Красносельскэ, Степной жылагъуэхэми псы кІуапІэщІэхэр щаукъуэдиинущ.

Программэм и фІыгъэкІэ, районым и кьуэ щхьэгъэ 14-м жыг и пэ псы кІуапІэу километри 10,7-рэ щыІэ зэрагъэпэщІажьынущ. А лэжьыгъэхэм республикэ бюджетым щІыщу сом мелуани 7,1-рэ хухахащ.

**ЛУПЫРЕВЭ Ириндж.**

● Дунейпсо Адыгэ Хасэ

Нобэ Налшык щызэхуос ДАХ-м и Хасащхьэр (Советыр). Абы и лэжьыгъэм хэтщ Амэрэ дэт Адыгэ Фыщ1э Хасэм и тхьэмадэ Кьардэн Саид. Лъэпкъым ІІ щрыкІуэм Иорданием ис адыгэхэм я дзыхь ильэс куэд щІауэ кьрагъэз. Фыщ1э Хасэм и унафэщІу ар иджыблагъэ еханэу хахьжащ.

**ГУЩІО Зарифэ.**

● ЗэІущІэхэр

## Нэхъыжьыфіхэм папщІэ

**Иджыблагъэ Налшык и щІыналъэ и администрацэм и унэм щызэхэтащ Зауэм, лэжьыгъэм, Іэщ1экІэ зэщІэхуэзда къарухэм я ветеранхэм я советым и конференц. Абы и лэжьыгъэм хэтащ зи ныбжь хэкІуэтахэм я Іуэху зэзыщІэжьыгъуэхэр зэзыхьэ къэрал Іуэхущ1апІэхэм я унафэщІхэр, республикэм и Парламентым. Налшык щІыпІэ самоуправленэмкІэ и Советым я депутатхэр.**

ВЕТЕРАНХЭМ я Советым и Налшык къуажэм зэрылажьэр ныкІэрыгъэ ягъуэу, зэІущІэм къыщыпсэлъа, абы и унафэщІ Абдуллаев Мустэфа кьыхигъэщащ ныбжьыкІэ ягъэ ирагъэщІагъуэ, ныбжьыкІэ зэрыщІэлэрр псэкупсэу гъэсэным, ветеранхэм яхуэзэфІэмыкІ Іуэхухэмкіэ защІэзэкъуэным, абыхэм ятеууэ законхэр зэрагъэзащІэм.

Абдуллаевым зэрыжиІамкІэ, Ветеранхэм я советым и кьудамэм и Іуэхущ1апІэу Налшык щыІэщ 140-рэ. Абыхэм ящыщу 9-р иджыблагъэ кьыззэрагъэпэщащ. Советым и учетым щытщ щыІэу 31298-рэ. А бжыгъэм хеубыдэ Хэку заузшхуэм и ветеран 815-рэ, абыхэм хуагъадэ щІыху 3470-рэ. Ахэр Советым и унафэщІхэм деж къэтхэгъэсыхащ 7678-рэ икІи а Іуэху псомиз унафэ пыухыкІахэр тращІыхьащ, зэкъуэхузыгъэзэхэр арэзы къищІу.

2006 гъэм щегъэжьауэ нобэр къызэдэсым Советыр елэжьащ дэтхэнэ ветеранми и анкетэхэмрэ социальнэ паспортхэмрэ гъэхъэзырауэ республикэм и архивым щІэныкъэным, абыхэм я псэупІэр егъэфІэкІуэным. Хэку зауэшхуэм и ветеран 19 чэзуми хэтат уэ хузныкъуэуи, ахэр псоми фэтэркІэ кьызэрагъэпэщащ, щІыху 31-м субсидиехэр ираташ, я псэупІэр ирагъэфІэкІуэн папщІэ. Абыхэм нэмыщІа, псэупІэ хуэныкъуэу мы гъэм лъэІу кьатхащ иджыри щІыхуи 154-м. Советыр елэжьащ ветеранхэм я унэхэр зыхуей хуэзэгъэным, ахэр телефонкІэ кьызэгъэпэщІным, нэгъуэщІ Іуэхугъуэ куэдми.

2009 гъэм и щІышылэм щыщІэдзауэ мы гъэм и щыщхьэІу хъуху Советым кьыІорыхьащ сом зы мелуанрэ мин 535-рэ. Абы щыщу сом зы мелуанрэ мини 181-р кьиутІыпщащ Налшык и кьалэ администрацэм, мин 354-рэ Іуэхущ1апІэ, хьэрычэтыщІэ зэмылІэужьыгъуэхэм кьыхалъхьащ. А мылкур трагъэкІуэдащ Советым и Іуэхузехьэхэм улахуэ ираты-ным, ветеранхэм ядэІэпыкъуным, Іуэхугъуэ зэмылІэужьыгъуэхэр кьыззэгъэпэщІыным, нэгъуэщІ Іуэхугъуэ куэдми.

2009 гъэм и щІышылэм щыщІэдзауэ мы гъэм и щыщхьэІу хъуху Советым кьыІорыхьащ сом зы мелуанрэ мин 535-рэ. Абы щыщу сом зы мелуанрэ мини 181-р кьиутІыпщащ Налшык и кьалэ администрацэм, мин 354-рэ Іуэхущ1апІэ, хьэрычэтыщІэ зэмылІэужьыгъуэхэм кьыхалъхьащ. А мылкур трагъэкІуэдащ Советым и Іуэхузехьэхэм улахуэ ираты-ным, ветеранхэм ядэІэпыкъуным, Іуэхугъуэ зэмылІэужьыгъуэхэр кьыззэгъэпэщІыным, нэгъуэщІ Іуэхугъуэ куэдми. Советым кьыхуэнэжащ иджыри сом мин 627-м щигъу.

Конференцым кьыщалъытащ Советым и лэжьыгъэм арэзы укъэщІу икІи абы и унафэщІу хахьжащ Абдуллаев Мустэфа.

Конференц нэужьым ветеранхэм ящІэ Хэку заузшхуэм хэкІуадахэм я фэеплъ МафІэ мыужьыкІыжьым.

**ГУЩІО Зарифэ.**

# ЗэуІуу кьызэрагъэпэщ

**Урысейм Шынагъуэншагъэмкіэ и Федеральнэ кьудамыкъым и Къэбэрдей-Балькъэр гъунапкъэхъуэмэ Іуэхущ1апІэм и унафэщІым и къудзэ, полковник Коротков Сергей фокІадэм и 17-м бриф1ирр иригъэкІуэкІащ. Нэмкърей зэманым террористхэм къагъэсэбэп ячыхьарегъащІэ Іэмалхэм журналистхэр хигъэгъуэзэн и пэ кьикуэу, ар кІэщІу кьиутеувыащ республикэм и жылагъуэ-политикэ, криминальнэ щытыкІэм зэрепхьам. Абы кьызэригъэтхьэгъуэмкІэ, я щІэгъэстакІуэ Іуэхуэхэм тепщІыхьмэ, щытыкІэр зэІэтхэгъуэзэн и пэ кьикуэу, ар кІэщІу кьиутеувыащ республикэм и жылагъуэ-политикэ, криминальнэ щытыкІэм зэрепхьам. Абы кьызэригъэтхьэгъуэмкІэ, я щІэгъэстакІуэ Іуэхуэхэм тепщІыхьмэ, щытыкІэр зэІэтхэгъуэзэн хьэпшІыпхэм зэрыщащэ уасэхэм епльащ.**

КЪЭПЦЫТЭНЫГЪЭМ нэрылъагъу ищІащ ерыскьыхэкІэхэр нэхъ льапІэ зэзрыхьэр. Ар ешы тыкуэнхэм я лэжьакІуэхэм ябзыщІыркъым. «Ерыскьыпхъэхэр щытщэкІэ, дэ тетльхьэж ахьшэм зихьэжьыркъым. Ауэ дэ ахэр иджы кьызэрыпТэрыхьэр нэхъ льапІэуи», - кьыджиІащ тыкуэнхэм ящыщ зы унафэщІ Истепан Вячеслав.

Пэж дыдэу, тыкуэнхэм я нэхьыбэм ерыскьыпхъэхэр опт сату езыгъэжьэкІ базэхэм кьраш. А базэхэм я Іэжьакъуэхэми ерыскьыхэкІэхэр кьезыгъэр ягъэкъуанщэ. Ауэ, дауэ мызыуми, хэщІыныгъэ зыгъуэтыр щэхуакІуэрщ.

«Налшык кьалэм, Къэбэрдей-Балькъэрым и кьалэхэмрэ районхэмрэ щыІэ тыкуэнхэм уасэхэр зэрыщагъэувыр «Урысей зэкъуэт» партым и щІыналъэ кьудамэм кьызэригъэпэща комиссэм тхьэмахуитІ кьэс зэ кьиппыгтэнущ. Абыхэм ящыщ икІи, федеральнэ законодательствэр кьыщызэпаудащІыу кьыщІагъэщмэ, зыхуэфащэ тхыгъэхэр Федеральнэ антимонопольнэ кьулыкъущІапІэмрэ прокуратурэмрэ ящхьыныу», - жиІащ «Урысей зэкъуэт» партым и щІыналъэ щхьэкІомым и унафэщІ Дядченкэ Владислав.

**ДЖЭДГЪАВЭ Татьянэ.**

● Брифингхэр

щыпІэкІэ гъунапкъэхэм зэрыхуэзэм кьалэн пыухыкІахэр кьытщещІ кІэпльыпІныгъэр дгъэпэщыну, абыхэм щыпсэухэм я щынагъуэншагъэр кьызэдгъэпэщыну.

КьБР-м и гъунапкъэхъуэмэ Іуэхущ1апІэм и унафэщІым и къудзэм кьызэригъэпэщагъуэмкІэ, дин нэпцІыр зи тегъэщІапІэ щІэгъэстакІуэ щэхурыплажьэхэм террор щІэпхъаджагъэхэм жыджэру пащэ, щІыхуэхэр гъэжьэкъуэным, гъэщІэкъуэным хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэм я Іэмалхэр ерыщу хуагъэпсэ. Интернетым щалэ «Кавказ центр» жэмыІэ»-т сайтым кІэ, нэгъуэщІэкмкІи зэпымыуу мусЫыщмэхэм зыхуагъаэз, Іэщэ кьащтэу террор хьэгъэщагъэхэр ялэжьыну кьыхуреджэ, я мурад бзаджэхэр дамыйыгъмэ, хуамыгъэгъуну жаІэурэ ягъэшынэ. Кьапщтэмэ, гъунапкъэхъуэмэ Іуэхущ1апІэм и Іэщ1агъэлІхэм «Къэбэрдей-Балькъэр - Къэрэшей ислъам» сайт зэхэтхэм кьыщагъэуэтащ хьэгъэщагъэхэм зыхуагъэхьэзырыр, ахъшэрэ мылькурэ кьаугъуеин, бгылъэ щІыпІэхэм зыщІыхуеину Іэщ1эхэр, хьэпшІыпхэр, Іэмэпсымэхэр зэрагъэпэщащ папщІэ кьыгъэсэбэпыну кьызыхуреджэ Іэмалхэм ятеууэ тхыгъэхэр. Мы гъэм мазаем и 20 лъандэрэ щІэпхъаджащІэ щэхуреджэ, я мурад бзаджэхэр дамыйыгъмэ, хуамыгъэгъуну жаІэурэ ягъэшынэ. Кьапщтэмэ, гъунапкъэхъуэмэ Іуэхущ1апІэм и Іэщ1агъэлІхэм зэрызыщагъэпщкІу щІыкІэм хэзыгъэгъуазэ Іэмалхэр.

- Хамэ щІыхуэхэр гъэпщІкІуаэу ди щІыналъэм кьымыхьэн, дин экстремизмэм дыпэщІэтын папщІэ, кьыдгъэбыдыпІа щІыпІэм «Зэкъуэтыныгъэ-2010» зыфІэтащІа Іуэхугъуэр щедгъэжьІкІащ. Ди Іэщ1агъэлІхэм зэрымыуу зэпкърахащ терроризмэм ебэныным пыщІа гугъуехьхэм неууэуу федеральнэ, щІыналъэ, хамэ хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэм ятхтэр икІи я епльыкІэхэр зыхуэфащэ къэрал, жылагъуэ Іэнатіэм Іэрагъэхащ, - жиІащ Коротков Сергей. - Экстремизмэм ухуезыджкъ тхьыпхэр Урысей Федерацэм и щІыналъэм кьредмыгъэшэн, дунейпсо террорист организацэхэм я лЫкІуэхэр кьидмыгъэхьэн мурадкІэ, 2009 гъэм и дыгъэгъаззм ди Іэщ1агъэлІхэм Налшыкрэ Минводрэ я кхъухьитІатапІэхэм хьэжьыщ кІыкІыж щІыхуэ 112-м кьэщІытэнрэ лэжьыгъэхэр щыдгъагъэкІуэкІащ. ИкІи Урысейм и ФСБ-м и Къэбэрдей-Балькъэр, Ставрополь куей кьудамэхэм я лЫкІуэхэр ящІыгъуу абыхэм кьытрахащ республикэм и мусЫымэхэм я дин Іуэхущ1апІэм экстремизм унэтІыныгъэ зиІэу кьиутьта тхьытІи 8. КьБР-м и ДУМ-м игъэхьэзыр кьыдгъэкІащ экстремистхэм я СМИ-м, хьэжьыщ кьыкІыжхэм кьытраха тхьытхэм, дин нэпцІым хууезыджэ нэгъуэщІ тхыгъэхэм ислъам къэбзэр зэрагъэутынІр щыщІэкъраха брошюрэу 5.

Зэ1ущІэм кьызэрыщыхагъэщамкІэ, щІыналъэмрэ республикэмрэ щыщыІэ щытыкІэм тепщІыхьмэ, Урысейм и Іуэхугъэр ди щІыпІэм кьызэрыщыгъэтІэсхъэным, и щхъурыламкъэ Іэнатіэхэм я жыджэрагъэхьэным Курджыр хущІэкъэнущ.

- Дэ хуэхъэщІру дыщытын хуейщ республикэм зыщызыщуухь щІэпхъаджагъэ щэхуреджэ ящІэ, Урысейм и центру, зыгъэпсэхуу ІэпхэмкІэ и нэхьыбІу, Кавказым и фІыгъэуэ, Урысейр зэрыгушхуэу у, нэ зи щІауэ кьалытэ. «Туризмыр уи Хэкур зэбгъэщІыхуэным и Іэмал инщ!» «Туризмыр зыгъэпсэ хукІэщ, щІэныгъэщ, спортщ, узынщагъэщ!», «Туризмэр дунейпсо лЫыуэщ!» - гупагъэкІэ пэжыгъэкІэ гъэщІа апхуэдэ кьыхуеджэныгъэхэр куэдщ.

Къэбэрдей-Балькъэрым и Президентымрэ Правительствэмрэ гулыитэ хэха хуащІ ди щІыналъэм туризмым зыщегъэужьыным. Ар загъэпсэхуным и мызакъуэу, цыхуэр зэрыщІэным, псом хуэмыдэу щІалэгъуалэр, пэлъэкъэм я зэныбжьэгъугъэм, мамырыгъэмрэ зэпІэзэрыгъэгъэнымрэ я гъэлэгъуэ Іэмал гуэзэджащ.

Республикэм и унафэщІхэм зэІущІэшхуэ, гъэльэгъуэныгъэ зэмылІэужьыгъэм зэ проект программэ зэхэуэмыдэхэр кьыщыхальхьэ зэрыжьыным, щІыналъэм инвестицэхэр, мыльку кьежьэлІэныр теухуа Іуэхухэри пхагъэкІ. Абыхэм мыхьэнэшхуэ ират туризмым, альпинизмым, зыгъэпсэхуным пыщІа нэгъуэщІ спорт лІэужьыгъуэхэм зе-гъэужьыным. Нэхъыщхьэжьыщи, а псори экономикэм зегъэужьыным, льаъэхэр егъэфІэкІуэным я хэкІыпІэфщ.

Президент Кьанокъуэ Арсен ипэжыпІэкІэ тэмэму кьельытэ туризмыр, щыдагъэ, газ кьыщІэщыным хуэдэу, хэкъуэ зы зыгъэпсэу зэрыщІэныр.

Къэзбэи щыг уэрэм дэкІыт. А Іэнатіэм спортым и мастерэр, инструкторхэр, щІыхь зиІэ тренерэр щагъэхьэзыращ.

Апхуэдэу КъБР-м щыцІэрыІуэу сабийныбжьыщІэ туризмыр. Абы ялэжь Іэщ1ыхэмкІэ ц1ыфІ щІэныгъэм Тэрч районым щыІэ Новая Балкария яжьлагъуэм иеоу еджапІэ, Іуэхущ1апІэ куэд. Сабийхэмрэ щалъэу алэмрэ я творческэмкІэ республикэ унэмрэ Школ-куэхэм тиместэ зэхэтащ сабийхэм ящІэкІэ центрымрэ я кьудамэхэм зэхьэзэхуэ зэмылІэужьыгъуэхэр, туризмымрэ льаъэр джыныжькІэ слетхэр ирагъэкІуэд. А Іуэхугъуэхэм я купщІэ нэхъыщхьэр ныбжьыщІэхэр зэрыщІэныр, зэныбжьэгъугъэ яку дэлъу, гушхуэ эныгъэ, хахуагъэ, лІыгъэ яхэлъу, хэкІпсэу щытыным хуэущинныгъэ. КъБКЪУ-м, Мэкъумэщ академием, Гъуэдзжэхэ эмкІэ Кавказ Ищхьэрэ университетым я студент куэд спортым, туризмым дахьэх.

Туризмым пыщІа республикэ Іуэхугъуэхэр егъэкІуэкІыным министерствэ, ведомствэ зыбжанэ, апхуэдэуи профсоюзхэр жьыдэр у хэтщ, мылькуІэ зыщІагъакІуэ. Псалъэм папщІэ, Къэбэрдей-Балькъэр къэрал университетым Іуэхутхьэбзэхэмрэ туризмэмкІэ Іэщ1агъэлІзэмылІэужьыгъуэхэр щагъэхьэзыр.

Республикэм и турист зэщІэхьеенымрэ тхьцІэ кьлэ ящІэ. Ди лъэныгъуэхэр байдарк эхэмкІэ Тэрч, Каспий, Индыл псыхэр эпэупщІуэрэ Москва нэсырт. Рюкзакыр я плІэм идзаУ Кавказ псор лъэсу кьыІэ хэкІыхьрт, Алтай, Памир, Іянь-Шань нэсырт. КьищынэмыщІауэ з, турист-спортсменэм лыжжэІэ гъунэгъу республикэхэмрэ крайхэмрэ зэщІагъэхьэрт Лъакъу эрыгъажэм тесу Кавказым и хьуреягъыр кьызэхэжьхьырт, Прибалтик эм, Сочэ, Волгоград, Санкт-Петербург нэхэрт. Бгъыи дихьэхэр зыгъэпсэфыгъэ зэрыщІэрт. Ар Къазбек щыг уэрэм дэкІыт. А Іэнатіэм спортым и мастерэр, инструкторхэр, щІыхь зиІэ тренерэр щагъэхьэзыращ.

Апхуэдэу КъБР-м щыцІэрыІуэу сабийныбжьыщІэ туризмыр. Абы ялэжь Іэщ1ыхэмкІэ щІэныгъэм Тэрч районым щыІэ Новая Балкария яжьлагъуэм иеоу еджапІэ, Іуэхущ1апІэ куэд. Сабийхэмрэ щалъэу алэмрэ я творческэмкІэ республикэ унэмрэ Школ-куэхэм тиместэ зэхэтащ сабийхэм ящІэкІэ центрымрэ я кьудамэхэм зэхьэзэхуэ зэмылІэужьыгъуэхэр, туризмымрэ льаъэр джныжькІэ слетхэр ирагъэкІуэд. А Іуэхугъуэхэм я купщІэ нэхъыщхьэр ныбжьыщІэхэр зэрыщІэныр, зэныбжьэгъугъэ яку дэлъу, гушхуэ эныгъэ, хахуагъэ, лІыгъэ яхэлъу, хэкІпсэу щытыным хуэущинныгъэ. КъБКЪУ-м, Мэкъумэщ академием, Гъуэдзжэхэ эмкІэ Кавказ Ищхьэрэ университетым я студент куэд спортым, туризмым дахьэх.

Туризмым пыщІа республикэ Іуэхугъуэхэр егъэкІуэкІыным министерствэ, ведомствэ зыбжанэ, апхуэдэуи профсоюзхэр жьыдэр у хэтщ, мылькуІэ зыщІагъакІуэ. Псалъэм папщІэ, Къэбэрдей-Балькъэр къэрал университетым Іуэхутхьэбзэхэмрэ туризмэмкІэ Іэщ1агъэлІзэмылІэужьыгъуэхэр щагъэхьэзыр.

Республикэм и турист зэщІэхьеенымрэ тхьцІэ кьлэ ящІэ. Ди лъэныгъуэхэр байдарк эхэмкІэ Тэрч, Каспий, Индыл псыхэр эпэупщІуэрэ Москва нэсырт. Рюкзакыр я плІэм идзаУ Кавказ псор лъэсу кьыІэ хэкІыхьрт, Алтай, Памир, Іянь-Шань нэсырт. КьищынэмыщІауэ з, турист-спортсменэм лыжжэІэ гъунэгъу республикэхэмрэ крайхэмрэ

● ЗэІущІэхэр

## Нэхъыжьыфіхэм папщІэ

**Иджыблагъэ Налшык и щІыналъэ и администрацэм и унэм щызэхэтащ Зауэм, лэжьыгъэм, Іэщ1экІэ зэщІэхуэзда къарухэм я ветеранхэм я советым и конференц. Абы и лэжьыгъэм хэтащ зи ныбжь хэкІуэтахэм я Іуэху зэзыщІэжьыгъуэхэр зэзыхьэ къэрал Іуэхущ1апІэхэм я унафэщІхэр, республикэм и Парламентым. Налшык щІыпІэ самоуправленэмкІэ и Советым я депутатхэр.**

ВЕТЕРАНХЭМ я Советым и Налшык къуажэм зэрылажьэр ныкІэрыгъэ ягъуэу, зэІущІэм кьыщыпсэлъа, абы и унафэщІ Абдуллаев Мустэфа кьыхигъэщащ ныбжьыкІэ ягъэ ирагъэщІагъуэ, ныбжьыкІэ зэрыщІэлэрр псэкупсэу гъэсэным, ветеранхэм яхуэзэфІэмыкІ Іуэхухэмкіэ защІэзэкъуэным, абыхэм ятеууэ законхэр зэрагъэзащІэм.

Абдуллаевым зэрыжиІамкІэ, Ветеранхэм я советым и кьудамэм и Іуэхущ1апІэу Налшык щыІэщ 140-рэ. Абыхэм ящыщу 9-р иджыблагъэ кьызэрагъэпэщащ. Советым и учетым щытщ щыІэу 31298-рэ. А бжыгъэм хеубыдэ Хэку заузшхуэм и ветеран 815-рэ, абыхэм хуагъадэ щІыху 3470-рэ. Ахэр Советым и унафэщІхэм деж кьэтхэгъэсыхащ 7678-рэ икІи а Іуэху псомиз унафэ пыухыкІахэр тращІыхьащ, зэкъуэхузыгъэзэхэр арэзы къищІу.

2006 гъэм щегъэжьауэ нобэр къызэдэсым Советыр елэжьащ дэтхэнэ ветеранми и анкетэхэмрэ социальнэ паспортхэмрэ гъэхъэзырауэ республикэм и архивым щІэныкъэным, абыхэм я псэупІэр егъэфІэкІуэным. Хэку заузшхуэм и ветеран 19 чэзуми хэтат уэ хузныкъуэуи, ахэр псоми фэтэркІэ кьызэрагъэпэщащ, щІыху 31-м субсидиехэр ираташ, я псэупІэр ирагъэфІэкІуэн папщІэ. Абыхэм нэмыщІа, псэупІэ хуэныкъуэу мы гъэм лъэІу кьатхащ иджыри щІыхуи 154-м. Советыр елэжьащ ветеранхэм я унэхэр зыхуей хуэзэгъэным, ахэр телефонкІэ кьызэрагъэпэщІным, нэгъуэщІ Іуэхугъуэ куэдми.

2009 гъэм и щІышылэм щыщІэдзауэ мы гъэм и щыщхьэІу хъуху Советым кьыІорыхьащ сом зы мелуанрэ мин 535-рэ. Абы щыщу сом зы мелуанрэ мини 181-р кьиутІыпщащ Налшык и кьалэ администрацэм, мин 354-рэ Іуэхущ1апІэ, хьэрычэтыщІэ зэмылІэужьыгъуэхэм кьыхалъхьащ. А мылкур трагъэкІуэдащ Советым и Іуэхузехьэхэм улахуэ ираты-ным, ветеранхэм ядэІэпыкъуным, Іуэхугъуэ зэмылІэужьыгъуэхэр кьыззэгъэпэщІыным, нэгъуэщІ Іуэхугъуэ куэдми. Советым кьыхуэнэжащ иджыри сом мин 627-м щигъу.

Конференцым кьыщалъытащ Советым и лэжьыгъэм арэзы укъэщІу икІи абы и унафэщІу хахьжащ Абдуллаев Мустэфа.

Конференц нэужьым ветеранхэм ящІэ Хэку заузшхуэм хэкІуадахэм я фэеплъ МафІэ мыужьыкІыжьым.

**ГУЩІО Зарифэ.**

● Фокіадэм и 27-р Туризмым и дунейпсо махуэщ

# Лъабжьэ быдэ

**1980 гъэм щыщІэдзауэ ягъэлапІэ Туризмым и дунейпсо махуэр.**

КЪЭБЭРДЕЙ БАЛЬКЪЭРЫМ и туризм Іэнатіэр ильэс 30 зэрырикъум абы и лэжьакІуэхэр ІуощІэ абы нэхьри зегъужьыным теухуа программэ гъэщІегъэнэхэр зэхэзгъэувэным, ахэр пхыгъэкІыным я зэнэтІа мурад инюр яІэу. Абыхэм ящыщщ «Льагапі»-5642» проектыр. Кавказ Ищхьэрэм туристкІ урорт кластер кьыщыдгъэпэщын и лЫныкъуэкІэ (Джылы-су) щауэхэщуд зихуэдэ щымыІэщыуэпс-рекреацэ комплекс. Абы теухуа лэжьыгъэхэри иокІуэкІ. «Урысей Ипщэ федеральнэ программэм хьыкъэ туристхэм ящыщу ар нэхъ мыхьэнэшхуэ зиІэщ.

Къэбэрдей-Балькъэрым гульытэ хэха кьыхуащІ. «Урысей зэкъуэт» партым и Совет нэхьыщхьэм и унафэщІ, Къэрал Думэм и спикер Грызлов Борис кьырихьэлІэу я Іуэхугъуэм иджыблагъэ тепсэлъыхьащ. Урысейм и Іуэхугъэр ди щІыпІэм кьызэрыщыгъэтІэсхъэным, и щхъурыламкъэ Іэнатіэхэм я жыджэрагъэхьэным Курджыр хущІэкъэнущ.

- Дэ хуэхъэщІру дыщытын хуейщ республикэм зыщызыщуухь щІэпхъаджагъэ щэхуреджэ ящІэ, Урысейм и центру, зыгъэпсэхуу Іэпхэм я нэхьыбІу, Кавказым и фІыгъэуэ, Урысейр зэрыгушхуэу у, нэ зи щІауэ кьалытэ. «Туризмыр уи Хэкур зэбгъэщІыхуэным и Іэмал инщ!» «Туризмыр зыгъэпсэ хукІэщ, щІэныгъэщ, спортщ, узынщагъэщ!», «Туризмэр дунейпсо лЫыуэщ!» - гупагъэкІэ пэжыгъэкІэ гъэщІа апхуэдэ кьыхуеджэныгъэхэр куэдщ.

Къэбэрдей-Балькъэрым и Президентымрэ Правительствэмрэ гулыитэ хэха хуащІ ди щІыналъэм туризмым зыщегъэужьыным. Ар загъэпсэхуным и мызакъуэу, цыхуэр зэрыщІэным, псом хуэмыдэу щІалэгъуалэр, пэлъэкъэм я зэныбжьэгъугъэм, мамырыгъэмрэ зэпІэзэрыгъэгъэнымрэ я гъэлэгъуэ Іэмал гуэзэджащ.

Республикэм и унафэщІхэм зэІущІэшхуэ, гъэльэгъуэныгъэ зэмылІэужьыгъэм зэ проект программэ зэхэуэмыдэхэр кьыщыхальхьэ зэрыжьыным, щІыналъэм инвестицэхэр, мылку кьежьэлІэныр теухуа Іуэхухэри пхагъэкІ. Абыхэм мыхьэнэшхуэ ират туризмым, альпинизмым, зыгъэпсэхуным пыщІа нэгъуэщІ спорт лІэужьыгъуэхэм зегъэужьыным. Нэхъыщхьэжьыщи, а псори экономикэм зегъэужьыным, льаъэхэр егъэфІэкІуэным я хэкІыпІэфщ.

Президент Кьанокъуэ Арсен ипэжыпІэкІэ тэмэму кьельытэ туризмыр, щыдагъэ, газ кьыщІэщыным хуэдэу, хэкъуэ зы зыгъэпсэу зэрыщІэныр. Ар лэжьыгъэ Іэнатіэхэр кьызэрагъэпэщыным, хуэмыщІаигъэм евэныным, социальнэ зэІуэзэпэщыгъэр егъэфІэкІуэным и Іэмалщ.

«КъБР-м и турист Іуэхугъуэхэр щегъэжьыным и Іуэхущ1ыр зыщІыгъуэ Тэрч районым щыІэ Новая Балкария яжьлагъуэм иеоу еджапІэ, Іуэхущ1апІэ куэд. Сабийхэмрэ щалъэу алэмрэ я творческэмкІэ республикэ унэмрэ Школ-куэхэм тиместэ зэхэтащ сабийхэм ящІэкІэ центрымрэ я кьудамэхэм зэхьэзэхуэ зэмылІэужьыгъуэхэр, туризмымрэ

# ДызыхуэкIуэ мазэм

●Махуэгъэпс

ЖЭПУЭГЪУЭМ и 1-м

◆ 1924 гъэм Налшык егъэджакIуэхэр щагъэхьэзыр техникум къыщызэIуахащ.
◆ 1933 гъэм Ленин къалэ еджапIэ цIыкIуу Налшык щыIэм лъэпкъ студие къыщызэрагъэпэщащ.

◆ Адыгэ усакIуэ **Ергужь Шащ1э Шэмсиет** къыщалъхуа махуэщ.
**◆ Зи ныбжь хэкIуэтахэм я дунейпсо махуэщ**
**◆ Музыкэм и дунейпсо махуэщ**
**◆ Китай ЦIыхубэ Республикэр къыщызэрагъэпэща махуэщ**
**◆ Лъэсыдзэм и махуэщ**

ЖЭПУЭГЪУЭМ и 2-м

◆ 1945 гъэм Къэбэрдей къэрал пединститутым школ-интернат къыщызэIуахащ.
◆ 1951 гъэм къалъхуащ Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артист, Къэбэрдей-Балкъкъэрым, Адыгэ Республикэм, Къэрэщей-Шэрджэсым я цIыхубэ артист **Тут Заур.**

◆ Къэбэрдей-Балкъкъэрым щIыхь зиIэ и артистка, уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ **Къэзан Сати (Сэтэней)** къыщалъхуа махуэщ.

ЖЭПУЭГЪУЭМ и 3-м

◆ 1933 гъэм къызэрагъэпэщащ Къэбэрдей-Балкъэрым уэрэдымрэ къафэмкIэ къэрал ансамблыр.
◆ Шэрджэс усакIуэ, тхакIуэ **Къэбэрдей ФатIимэ** къыщалъхуа махуэщ.
◆ 1966 гъэм къалъхуащ усакIуэ, журналист **Гъущ1о Зариф.**

ЖЭПУЭГЪУЭМ и 4-м

◆ 1957 гъэм СССР-м дунейм щыIэпэ дыдэу Iэрыщ1 спутникыр иутIыпщащ.
◆ 1986 гъэм «Iуащ1хэмахуэ» къэрал лъэпкъ паркыр къызэрагъэпэщащ.
**◆ Урысейм и Зауэ-Хьэрш къаруэхэм я махуэщ**
**◆ Псэущ1хьэхэм я дунейпсо махуэщ**
**◆ Архитекторым и дунейпсо махуэщ**
**◆ Дохутырым и дунейпсо махуэщ**
**◆ Урысей Федерацэм и МЧС-м гражданскэ зыхьумэжыныгъэхэмкIэ и дзэм и махуэщ**

ЖЭПУЭГЪУЭМ и 5-м

◆ 1990 гъэм Адыгейр республикэ хъуащ.
**◆ ЕгъэджакIуэм и махуэщ**
◆ И ныбжьыр ильэс 60 ирокIу УФ-м и Зауэ-Уэгу къаруэхэм я унафэщIым и къуэдзэ генерал-лейтенант **Быж Айтэч.**

ЖЭПУЭГЪУЭМ и 6-м

◆ 1917 гъэм къалъхуащ Урысей Федерацэм и цIыхубэ артист, ЩоджэнцыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и джэгуакIуэу щыта **Пыхьужь Алий.**
**◆ Урысейм щагъэлъапIэ страховой агентым и лэжьакIуэм и махуэр**

ЖЭПУЭГЪУЭМ и 7-м

◆ 1952 гъэм къалъхуащ Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэщ1 **Путин Владимир.**

ЖЭПУЭГЪУЭМ и 9-м

◆ Къэбэрдей-Балкъкъэрым и Къэрал сауГъэтым и лауреат, ЩоджэнцыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и джэгуакIуэу щытащ **ЪыIэш Маринэ** къыщалъхуа махуэщ.
**◆ Поштым и дунейпсо махуэщ**

ЖЭПУЭГЪУЭМ и 10-м

◆ Илъэси 100 ирокIу Къэбэрдей-Балкъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ **Щомахуэ Амырхъан** къыззэралъхурэ.

◆ Франджы балеринэ цIэрыIуэ **Черинэ (Шэмыр ЗЭ) Людмилэ** (лъэпкъкIэ адыгэщ) къыщалъхуа махуэщ. 2004 гъэм дунейм ехыжащ.
◆ Илъэс 80 ирокIу Къэбэрдей-Балкъкъэрым щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, тхакIуэ **КIуантIэ Iэзид** къыззэралъхурэ. 2008 гъэм дунейм ехыжащ.



◆ И ныбжьыр ильэс 75-рэ ирокIу Къэбэрдей-Балкъкъэрым щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, тхакIуэ **Елгъэр Кашиф.**
◆ И ныбжьыр ильэс 70 ирокIу Къэбэрдей-Балкъкъэрым и цIыхубэ артист **Куэт Къанщокъий.**

◆ 1942 гъэм къалъхуащ Къэбэрдей-Балкъкъэрым щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, уэрэдыс **Щомахуэ Хьэсэнбий.**
**◆ Мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъы промышленностымрэ я лэжьакIуэхэм я махуэщ**
**◆ Психикэ узынишагъэр хьумэным и дунейпсо махуэщ**

ЖЭПУЭГЪУЭМ и 12-м

◆ 1897 гъэм Урысейм щыIэпэ футбол зэхьэзэхуэ щекIуэкIащ.
◆ 1957 гъэм кьыз1эуахащ Къэбэрдей-Балкъкъэр къэрал университетыр. Иджы абы зэрехьэ ипэ ректору щыта Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр.



◆ Ингуш Республикэмрэ Осетие Ипщэ Республикэмрэ щIыхь зиIэ я артисткэ, уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ **Кырым Иринэ** къыщалъхуа махуэщ.

ЖЭПУЭГЪУЭМ и 13-м

◆ 1904 гъэм Тэрч-Кубань полкым хьихьэ адыгэ шу гупым (сотним) хэтхэм зыкъыIэтауэ щытащ.

ЖЭПУЭГЪУЭМ и 14-м

◆ Къэбэрдей-Балкъкъэрым гъэзэджэныкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, режиссер **Темрокъуэ Риммэ** къыщалъхуа махуэщ.
**◆ Стандартизацэм и дунейпсо махуэщ**

ЖЭПУЭГЪУЭМ и 15-м



◆ Илъэс 80 ирокIу тыкIыр щIэныгъэхэм я доктор, профессор, Къэбэрдей-Балкъкъэрым и щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Текlуий Анатолэ** къыззэралъхурэ. 2003 гъэм дунейм ехыжащ.
◆ Илъэс 75-рэ ирокIу Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артист, Абхъаз Республикэм и цIыхубэ артист, Къэбэрдей-Балкъкъэрым и Къэрал сауГъэтым и лауреат, ЩоджэнцыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и джэгуакIуэу щытащ **Мысостышхуэ Пщыгъэбий** къыззэралъхурэ. 2009 гъэм дунейм ехыжащ.
◆ Илъэс 70 ирокIу Къэбэрдей-Балкъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ, Урысей Федерацэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, адыгэ драматургием и классик, щIэныгъэлI **IутIыж Борис** къыззэралъхурэ. 2008 гъэм дунейм ехыжащ.
**◆ Къуажэ цIыхубзхэм я дунейпсо махуэщ**

ЖЭПУЭГЪУЭМ и 16-м

◆ 1991 гъэм Налшык щызэхэтащ Къэбэрдей-Балкъкъэрым ис лъэпкъхэм я нэхъыжьыфIхэм я съездэ.
◆ Илъэси 140-рэ ирокIу Каир къыщалъхуа адыгэ усакIуэшхуэ, «Хьэрып усыгъэм и пащтых» **Шэуокий Ахьмэд.** 1932 гъэм дунейм ехыжащ.
◆ 1917 гъэм къалъхуащ тхакIуэ, эдэхэкIакIуэ хьэлэмэт, филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, Хэку зауэшхуэм жыджэру хэта **Къардэн Бубэ.** 1988 гъэм дунейм ехыжащ.
◆ И ныбжьыр ильэс 55-рэ ирокIу филологие щIэныгъэхэм я доктор, литературовед, журналист Iэзэ, Къэбэрдей-Балкъкъэрым щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Тымыжь Хьэмыщэ.**
**◆ Ерыскъым и дунейпсо махуэщ**

ЖЭПУЭГЪУЭМ и 17-м

◆ 1905 гъэм Урысейм и ипэ Къэрал Думэр зэхьэхащ
**◆ Къулейсызыгъэм ебэныным и дунейпсо махуэщ**
**◆ Гъуэгу хозяйствэм и лэжьакIуэхэм я махуэщ**
**◆ Ерыскъы промышленностым и лэжьакIуэхэм я махуэщ**

ЖЭПУЭГЪУЭМ и 18-м



◆ 1941 гъэм къалъхуащ Къэбэрдей-Балкъкъэрым и ипэ президент, къэрал и политик цIэрыIуэ **КIуэкIуэ Валерий.** 2005 гъэм дунейм ехыжащ.
◆ Журналист **Гъудэ (Уэрыш) Людмилэ** къыщалъхуа махуэщ.

ЖЭПУЭГЪУЭМ и 19-м



◆ Илъэси 135-рэ ирокIу Урысейм и дзэзешэ цIэрыIуэ, генерал-лейтенант, адыгэл хахуэ **Уэлэгъей Сергей** къыззэралъхурэ. 1946 гъэм Марсель щыIащ.
◆ 1985 гъэм и къулыкъым текIащ КПСС-м и обкомым и ипэ секретарь, къэрал лэжьакIуэ, политик цIэрыIуэ **Мэлбахьэ Тимборэ.**
◆ И ныбжьыр ильэс 55-рэ ирокIу техникэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Лыбекьуэ Алексей.**

ЖЭПУЭГЪУЭМ и 20-м

◆ 2000 гъэм Шэджэм Езаноеселкэр Шэджэм къалэ хьуащ.
◆ И ныбжьыр ильэс 70 ирокIу усакIуэ, Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ **Мэхъуэш Руслан.**
**◆ Псы щIыIум тет хьыдэлIхэм я махуэщ**

ЖЭПУЭГЪУЭМ и 22-м

◆ 1841 гъэм къалъхуащ адыгэ уэзщIакIуэ цIэрыIуэ **Хьэтlохьущокъуэ Къазий.** 1899 гъэм дунейм ехыжащ.
◆ 1929 гъэм къалъхуащ Къэбэрдей-Балкъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ, Урысей Федерацэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, СССР-м щIыхь зиIэ и радист **Къэрмокъуэ Мухьэмэд.**

ЖЭПУЭГЪУЭМ и 24-м

◆ 1945 гъэм ООН-м и Уставыр кьащтащ. **Лъэпкъхэм я Зэгухьэныгъэм и Организацэм и махуэщ**
◆ 1893 гъэм къалъхуащ 1921-1938 гъэхэм Къэбэрдей-Балкъэрым и унафэщIу щыта, парт, къэрал лэжьакIуэ, политик цIэрыIуэ **Кьалмыкъ БетIал.** 1940 гъэм дунейм ехыжащ.

ЖЭПУЭГЪУЭМ и 25-м

◆ 1653 гъэм Урысейм таможеннэ Iэнатlэ къыщызэрагъэпэщащ.
◆ Урысей Федерацэм и таможенникым и махуэщ
◆ 1928 гъэм къалъхуащ Урысей Федерацэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, журналист Iэзэ **Мырзэкъан Суфян.**

ЖЭПУЭГЪУЭМ и 26-м

◆ Филологие щIэныгъэхэм я доктор **Дзыгъуанэ Ритэ** къыщалъхуа махуэщ.

ЖЭПУЭГЪУЭМ и 27-м

◆ 1940 гъэм Налшык къыщызэIуахащ Къэбэрдей, Балкъкъэр къэрал драмэ театрхэр.
◆ Илъэси 155-рэ ирокIу урыс биолог, жыггъэкI Цэрыуэ **Нечурин Иван** къызэрэлъхурэ. 1935 гъэм дунейм ехыжащ.

ЖЭПУЭГЪУЭМ и 28-м

◆ 1900 гъэм къалъхуащ къэбэрдей литературэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа икIи и классик **ЩоджэнцыкIу Алий.** 1941 гъэм Бобруйск щыIа немыцэ гъэрыпIэм икIуэдащ.
◆ 1942 гъэм Дзэ Плъыжым Налшык къигъэнэн хуей хьуащ.
**◆ Дзэ авиацэм и махуэщ**

ЖЭПУЭГЪУЭМ и 29-м

◆ 1943 гъэм Налшык ФЗО школ кьыщызэIуахащ.
◆ И ныбжьыр ильэс 70 ирокIу Адыгэ Республикэм и щIыхь зиIэ, Урысей Федерацэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Пэнэф Сэфар.**
◆ КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ **Балькъэр Тамарэ** къыщалъхуа махуэщ.

ЖЭПУЭГЪУЭМ и 30-м

◆ 1711 гъэм Къэбэрдей щу гупым Мурад сультIаныр зи пашэ тырКIуэдэр хитъэшIуэу щытащ.
**◆ Политикэ Iуэхукъэ зэхэзехэн ящIэхэм я фэеплъ махуэщ**

ЖЭПУЭГЪУЭМ и 31-м



◆ 1952 гъэм къалъхуащ Урысей Федерацэм и къэрал лэжьакIуэ, етIуанэ ранГым и ипэ унафэщIу **Хьупсырокъуэ Назир.**
**◆ Экономием и дунейпсо махуэщ**
**◆ Автомобиль транспортым и лэжьакIуэхэм я махуэщ**
**◆ Щ1ымахуэ зэманым дыхуокIуэ.**

*Зыгъэхьэзырар*
**УЭРЫШ Нурхьэлийщ.**

# Хэкужьым ипэу щохьэщIэ

**Хамэ къэрад щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм адэжь щIынальэм хуаIэ пщIэныгъэхэр зы ильэсым нэхъ-рэ къыхIэдзыкIуэм нахьри ефIакIуэу. Быдэ хьуурэ ёокIуэкI. Апхуэдэу фокIадэм и 22-м Налшык къэкIуэщ Израильым щыщ Кфар-Камэ адыгэ къуажэм щыщ ди дахэгъуэ гуп. Абыхэм гуапэу щаIуэщIащ КъБР-м Хьыбарегъащ1э Iэнатlэхэмкlэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэныгъэ щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и министерствэм.**

ХьэщIэхэр къраГъэблагъащ министр Пащты Борисрэ «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ ХьэфIыщIэ Мухьэмэдрэ. Израильым кьикIа адыгэ гупым я нэхъыжьыр Кфар-Камэ и Адыгэ Хасэм (къажэ муниципалитетым) и тхьэмадэ Лыбий Нисимщ.

Къэбэрдей-Балкъкъэрым къэсын и пэкIэ, Нисим зи пашэ ди лъахэгъу гупыр щыхьэщIащ Краснодар къалэм, Адыгей, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм. А щIыпIэхэм ахэр щаIуэщIащ къэрал, политикэ, жылагъуэ лэжьакIуэ куэдым, тепсэлъыхьащ лъэпкъ Iуэхухэм. Ди республикэм къыщыкIуами, хьэщIэхэм апхуэдэ упщIэхэр я мащIэтэкъым. Ахэр зыщIэупщIа псоми зэпкърыхуэу жэуап ираташ ХьэфIыщIэ Мухьэмэд, Пащты Борис, ар зи унафэщI министерствэм хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм ядэлэжьэнымрэ щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и министерствэм.

● Ди зэпыщIэныгъэхэр

Лыбий Нисим Кфар-Камэ и Гербыр министр Пащты Борис ирет.

ХьэщIэхэмра бысымхэмрэ.
*Сурэтхэр* **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

ЖьэнымкIэ и къудамэм и унафэщI Нанэ Лерэ сымэ, нэгъуэщIхэми.

ЗэIущIэм и кIэухыу Пащты Борис хьэщIэхэм я тхьэмадэ Лыбий Нисим тыгъэ хуищIащ Къэбэрдей-Балкъкъэрым теухуа альбом екIу, тхыль гъэщIегъуэнхэр, сурэтхэр, КъБР-м и Бэракьыр. Езыхэми бысымхэм краташ Кфар-Камэ и Гербыр. Бынэнэщ1ауэ, Лыбийм фIыщIэ ин хуищIащ КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен, мы гъэм Израильым щыкIуам щыгъуэ абы щаухуэ Адыгэ музейм ахъшэ зэрыхилъхьам папщIэ, апхуэдэуи Кфар-Камэ и къэфакIуэ гупыр, «Ди псэ» зыфIащ1р, хэкужьым щыхьэщIэну, зыкъыщагъэлъэгъуэну къызэрыригъэбгъэлъам щхьэкIэ.

ЗэIущIэ нэужьым хьэщIэхэм Налшык щыщалъхьхащ, республикэм и щIыпIэ дахэхэри зрагъэлъэгъуащ. Хэкужьым зи щыпэкъакIуэ гупыр адэжь хэкум и дахагъэм, и тепльэ уардэм итхьэкъуауэ, абы ис щIыхьхэм я псэукIэри яфIэхьэлэмэтрэ я нэгу щIэкIа псори гукъинэ я ящIыхьуауэ екьэжащ.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**

● Iуэху еплъыкIэ

# Дыадыгэщ икIи дышэрджэсщ

**Адыгэ лъэпкъым къудамэ зыбжанэ иIэщ - натыхъуей, шапсыгъ, абазэхэ, убых, хьэтыкъуей, беслъэней, кIэмыргуей, нэгъуэщI жыпIэми. Ауэ ахэр псори адыгэкIэ зоджэж. Абыхэм ящыщщ ди къэралым адыгэ нэхъыбэ дыдэ щыпсэу Къэбэрдеищ1р. Ди ди гъунэгъуэщ абхъазэхэмрэ абазэхэмрэ. Щ1ыпIэ зэпэщхьэхуэ дыщыпсэуми, дыкъызыхэкIа лIакъуэмкIэ дызщ, лъыкIэ дызэкъуэщ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, зэманымрэ гъащIэмрэ дызэбградзащ, дызэкIэщIачащ, лъэпкъ зырызу дабжи хъуащ.**

ИДжЫ ди гуращэ нэхъ ин дыдэр, мурад нэхъыщхьэр адыгэ лъэкъым зы ныгущIэжынырщ, дызэрыубыдыжынырщ, ди хабзэхэр зэгъуэгу хъумжынырщ, ди бзэр едгъэфIакIуэу дызэгъусэу дыпсэужынырщ. Ахэр псори гугъапIэ мыхьанэнэшэу, зи къыдэмыхъулIэну щытхъым. Ауэ дызэрыыгъгъэу, ерыщу ди мурадхэр къыдэхъулIэным дыхущIэкъун хуейщ. Хэт ищIэрэ, дэнэ щыпIи щыпсэу адыгэ псори зы дыхъужьыкIыгъэмэ, шэч хэпхъкым, дэ адыгэкIэ дызэрэзэрэзджэжынум. Ауэ адрейхэр лъэпкъхэр дэ сыткIэ кьыздджэну? Псори игъащIэм къызэрыздзджэ «шэрджэс» псалъэрэ.

Дэнэ кьыкIа «черкес» («шэрджэс») псалъэр? Языныкъуэхэм зэрыжаIэмкIэ, ар тырку псалъэщ, монгол-тэтэр теуэныгъэм щыгъуэ адыгэхэм кьытфIащауэ щытаер. Ауэ абы арэзы техъуэгъуейщ. Сэ нэхъ тэмэму кьысщоху «черкес» цIэр адыгэхэр «керкеткIэ» щызэджэжу щыта зэманым къэуIэнэхуауэ. Абы тхыдэтхэ щхьэхуэхэри щыхьэт тохъуэ. ИкIи ижь-ижьыж лъандэрэ адыгэхэр зэуIуу щыпсэуа щIыпIэм Шэрджэс щыналъэкIэ (Черкесиеи1э) еджаер. Апхуэдэ щыкIакIэ, дэ адыгэкIэ дызэджэж, адрей лъэпкъхэр черкескIэ кьыздджэх хъуащ. Кавказым ис лъэпкъэхэри, Сочейри, нэгъуэщI къэралхэри ильэс миным нэблигъэуэ кьыззрыздджэр «черкес» псалъэрщ. Къэтхьынщ абы щыхьэт текIуэ щапхъэхэр.

Ижь-ижьыж лъандэрэ адыгэхэм я деж къэкIуэурэ абыхэм я псэукIэм, я дуней тетыкIэм, я хабзэхэм щыгъуазэ защIырт урыс, нэгъуэщI къэрал кьикI еджагъэшIуэхэм, тхыдэтхэм, тхакIуэхэм, зекIуэлIхэм. Абыхэм я нэгу щIэкIахэр, яльэгъуахэр яфIэгъэщIэгъуэну ятхыжырт, яIуэтэжырт. Ауэ абыхэм ящыщу зэи зыми адыгэ, къэбэрдей, шапсыгъ я нэгъэщI адыгэ кьудамэщIэ ятхакъым, «черкес» жаIэу, фIэкIа.

1837 гъэм Кавказым къэкIуауэ щытащ инджылыз журналист, Лондон кьыщыдэкI «Таймс» газетым и лэжьакIуэ Лонгворт Джон. Ар япэу кьыщыгуфIыгъэ натыхъуейхэмрэ шапсыгъэмрэ я деж. Ауэ абы мыхьэрей адыгэ щIыналъэхэри кьызэхикIуэхьащ. Апхуэдизу адыгэхэр игу ирихьати, ильэскIэ абыхэм яхэсащ. КIуэжа нэужь инджылыз журналистым адыгэхэм я псэукIэр, я дахагъэр, я хабзэ екIуэр, я шхыныфэхэр, хьэщIэм пщIэ зэрыхуащIыр игу ирихьати, ди лъэпкъым ядилъэгъуэхэр ильэс зыбжанэкIэ итхьжащ икIи «Инджылыз журналистым и шэрджэс Одиссеер» зыфIища тхылъышхуэр томинI хъуру кьыдигъэжIыжащ. Ауэ абы и тхыгъэшхуэм зыщIыпIэ деж адыгэ жиIэу кьыщыхигъэщакъым, «черкес» жиIэу фIэкIа.

Гербер Йоган-Густав лъэпкъкIэ нэмыцащ. 1710 гъэм урысыдзэм кьыльэу щищIэу щIидзащ. 1722 - 1723 гъэхэм Кавказым щыIащ. Абы мыпхуэдэу итхьжат: «Къэбэрдейр шэрджэс область мыинщ. Ауэ мыбы щыпсэу шэрджэсхэр икъукIэ хахуэщ, мышынэщ, кьикIуэт зымыщIэщ, шым тесыным, Iэщэ зэсым икьукIэ хуэIэкIуэлъакIуэщ. Шэрджэс щIыхьбзэхэм хуэдэу дахэ кьэгъуэтыгъуейщ».

Шотланд хирург Кук Джон 1737 гъэм Урысейм къэкIуащ, урыс-тырку зауэм хэтащ, итIанэ Астрахань щыпсэуащ, Къэбэрдеймии щыIащ. Абыи мыпхуэдэу итхьжат: «Къэбэрдей ЦIыкIумэ Къэбэрдеишхуэмэ щыпсэу шэрджэсхэр Кавказым ис адрей лъэпкъхэм куэдкIэ къащхьэщокI. Абы папщIэ а лъэпкъэм хуабжьу ягу ирихьщ1ыр, зи дуней тетыкIэр яфIэдахэр шэрджэсхэм ирагъапщэ».

Апхуэдэ щапхъэхэр куэд дыдэщ. А псомки къагъэлъагъуэ дэнэ щIыпIэ щыпсэу адыгэхэми шэрджэскIэ еджэу зэрыщытар. Ипэхэм урысхэм жаIэрт: «къэбэрдей шэрджэсхэр», псыхуабз шэрджэсхэр, псыжь шэрджэсхэр, тенджиз ФIыцIэ Iуфэм щыпсэу шэрджэсхэр...» Дэ, Къэбэрдеим щыпсэу адыгэхэр, лъэпкъкIэ дызыщыщыр «кабардинец» жаIэу ятх щыхьуар Совет властыр ягъэуква нэужьщ. Ауэ апхуэдэ лъэпкъ щыIэкъым. «Къэбэрдей» псалъэр зейр щыпIэрщ, ар щыпIэIуIэ къудейуэ аращ. Мыри щапхъэкъэ? Ди адыгэ фащэм, Кавказым ис адрей лъэпкъ псомии къэзакъэми къащтам кьыззрэджэр «черкеска»-щ.

Адыгэ псори шэрджэскIэ дызэрызэджэжым мыпхуэдэ щапхъэхэри щыхьэт тохьуэ. Къэбэрдейрами, Адыгейрами, нэгъуэщI щыналъэ кьикIами адыгэхэм кьытхэкIауэ Урысейм кьулыкъушхуэ щызыыгъа псомии къызэрэджэр Черкасскэт - Черкасский Михаил (ящэ урысей генералиссимус), Черкасский Алексей (Урысейм и канцлер ину щытар), нэгъуэщIхэри.

Сэ пэжыр зэфIэгъэувэжа хъун папщIэ дяпэкIэ щыпсэ мыпхуэдэу тхын хуейуэ къызолъытэ: КъБР-м щыпсэу адыгэхэр - кабардинский черкес (къэбэрдей шэрджэс), Адыгейм щыпсэуахэр - адыгейский черкес (адыгей шэрджэс), шапсыгъэхэр - шапсыгъ шэрджэс (шапсугский черкес).

Пэжщ, зи гугъу щIыпIэ заншIэу зэфIэкIыну щыткъым. Мыбы пIалъэ хуейщ. Абы зэпкърыхуэу щытепсэлъыхьыпхъэщ адыгэ щыналъэ псоми икIи ди лъэпкъым хьэкъ ящыщIыпхъэщ дэ псори дызэрыадыгэри икIи дызэрыщэрджэсри.

**УЭРЫШ Нурхьэлий,**
*Къэбэрдей-Балкъэрым щIыхь зиIэ и журналист.*

# ШколакIуэ нэхъыжьхэм я олимпиадэ

ФондэмкIэ рынокымрэ управленэмкIэ институтым и щIэныгъэ ушэрчIэ Костиков Илья КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен 2009 - 2010 гъэ еджэгъуэм класс нэхъыжьхэм щIэсэм Финанс рынокымкIэ я етхуанэ урысейпсо олимпиадэм зэрызыщIигъэкъуам папщIэ фIыщIэ къызэуахащ. ИкIи дызыкъыхьа гъэ еджэгъуэм зи чэзу еханэ олимпиадэ зэрыгарЗкIуэкIымкIэ хьыбар къриГъэщIащ. Олимпиадэм и къызэгъэпэщакIуэ комитетымрэ жюримрэ я унафэщIу УФ-м финансэмкIэ и министрым и япэ къуэдзэ Нестеренкэ Татьянэ.

ГъэкIуам финанс рынокымкIэ олимпиадэм щытекIуахэм ящыщу еджапIэхэр зэпыухахэр экзаменхэр Iамыхьу къэралым и финанс вуз нэхъыфIэм бюджет ахъшэкIэ щрагъэджэну щIагъэтIысхьащ. Олимпиадэм щытекIуахэр иджыпсту щоджэ Экономикэмкlэ школ нэхъыщхьэм - къэрал университетым, УФ-м и Правительствэм и деж щыIэ Финанс академием, Плеханов Г. В. и цIэр зезыхьэ Урысей экономикэ академием, ЦIыхубэ хозяйствэмкIэ академиеу УФ-м и Правительствэм и деж щыIэм, нэгъэщIхэми.

Дызэрыхьа гъэ еджэгъуэм екIуэкIыну олимпиадэм хэтынухэр щэкIуэгъэуэм и 1-м нэсыху ятхынщ. Зэпеуэм и япэ Iыхьэр заочнэу жэпуэгъэу - дыгъэгъазэ мазэхэм ирагъэкIуэкIынущ. ЕтIуанэ Iыхьэр 2011 гъэм и мазаем щыпIалъхьу щекIуэкIынущ. Ещанэ Iыхьэу 2011 гъэм и мэлыжьыхь мазэм Москва къыщызэрагъэпэщынум хэтынущ щIыналъэхэм щытекIуаэр.

Олимпиадэм хэтыну хуейхэм ящыщу электрон пошт зиIэхэм 2010 гъэм и щэкIуэгъуэ мазэм кьыхуагъэхьынущ упщIэхэмрэ абыхэм жэуапхэр зэрыратыжын хуей щыкIэмрэ. Апхуэдизу электрон адресымкIэ абыхэм 2011 гъэм и щыпIалъэ мазэм къаГъэлъхьэжынущ сэнэхэр зэпеуэм и япэ Iыхьэм зэрыхэтам кърикIуаэхэр.

Электрон пошт зимыIэхэм а документ псори езыхэм я пошт адресымкIэ кьыхуагъэхьынущ.

Олимпиадэм и убзыхуакIуэщ Похвалинэ Иринэ

**Телефоныр** (495) 797-95-60, щIагъуэ 131

E-mail **Victorina@ifru.ru**

**Пошт адресыр:** 115114, Урысей, Москва къалэ, 2-нэ Кожевническэ уэрамджI, унэ 12, «Олимпиадэ» жиIэу тету.

Нэхъ зэпкърыхуаэу олимпиадэм и екIуэкIыкIэм щыгъуазэ зыщыфщI хъунущ **www.ifru.ru** сайтым.

# Щыгъупщэнкъым Берлин

**Сыщогуфlыкlыр махуэ къэскlэ**
**Къэбэрдей-Балъкъэрым**
**зэрыхэхъуэм и пщIэм,**
**Ди лэжьакIуэфIхэм я Iэрыкlхэр**
**НэгъуэщI къэралхэми къыщащIэу.**

**Ахэр яшащ Берлин нэсыху**
**Ди Iэщlагъэлlхэм, унафэщIхэм.**
**Ди лъэпкъ дамыгъэр къацIыхуху,**
**Къыхохъуэ диIэм ныбжьэгъущIэу.**

**Езыми яIэт узэплъын,**
**Къыхэпхыфыну дерс тхуэщхьэпэ.**

**Берлини куэдрэ игу илъынщ**
**ИкIахэр Iуащхьэмахуэ лъапэ.**

**Къыхэхъуэхункlэ**
**ди ныбжьэгъухэм,**
**Нэхъ мащIэ мэхъур**
**ди жагъуэгъуэгр.**
**Мы дуней пор дызэIэпэгъуу,**
**Сфlэфlщ дыпсэуныр**
**зэныбжьэгъуу!**

**БЭБАЦ Мухьэмэд.**
*Тэрч район.*

Бэбац Мухьэмэд и ныбжькlэ щIалэжькъым, ауэ уэсэ тхыныр куэд щIауэ фIыуэ иIэгъуащи, иджыри и Iэпэгъуу къокIуэкI. Псом хуэмыдэу Мухьэмэд фIэфIщ ди республикэм, гъащIэм кьыщыхьэу зэхъуэжкIыныгъэфIхэм и уэсэ сабырэкикlэ ятпэджжыну. Апхуэдэ Iуэхугъуэхэм ящыщу Бэбацым къеIыпIэ ильэсит1 хуэдэкlэ узэIэбэжкIыжмэ, Германием и кьалащхьэ Берлин щызэхэта гъэлъэгъуэныгъэм ди республикэм ираша хьэпшыпхэри зэрыхэтар, пщIэшхуэи къызэрыщыхуащIар. Аращ зытриуурар нобэ теддзэ уэсэм. Апхуэдизу итха тхыгъэхэм уэсэ яфIумыщыфIынуми, Бэбацым къызэрилъытэмкlэ, нэхъыщхьэр аракъым, атIэ и гурыльыфIхэмкlэ, а зэхъуэкIынныгъэхэм кьрат дэрэжэгъуэмкlэ щыхуэхэм ядэгуашэурэ, ахэр Iуэхугъуэ дахэхэм хуигъэувэнырщ, тригъэгушхуэнырщ.

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

# Малъхъэдис

● Къуажэхьэр

## Ямыдауэ дарий джанэ

●Кхъужь пльыжь, жьэм хуэпхь мыхъуу.
●Пхъэщку, кIапсэнэ-кIапсэнэ, кIапсэнэ-зэрыдзэ зэдзагъ-ншэ, лэгъунэ щий.
●ЯмыгуаУ хугу нэд, ямыдауэ дарий джанэ.
●Хьэлъэ темыльу бом щIэмыхьэ.
●Махуэм Iэтэ, жэщым лъахьий.
●Бжьыхьэ нэщэнэу мамыкъыжь Iус.

Жэуапхэр:

Хъыбарыжь Мафгуэ Пльыпт Бжьыхь Пь Мэкъу Iуз

● Хъыбарыжь

# Гулей

- Жамбо лэт! УнэIут хъыджэбзыр сохьри, лыгъэ уиIэмэ, сумыгъэхь!

Ар ядри дигъэзыкIыжащ.

Гулей и джэ макъыр унэм щIэсхэм зэхахати, пщыр, шынэми, лыгъэм зригъэхьри, шэсащ.

Абрэдж хахуэр Iуащхьэм дэкIуейжащи, гъэгум иропльэ. Хуэд мыщIэу Жамболэтым къэжащ.

- Кьуаэ! - япэ уэгъуэр пщым льигъэсащ Гулей.

- Хьуэ, уэ кьуаэ! - идакьым Жамболэт.

- Апхуэдэ хабзэ сиIэкьым сэ, - жиIащ Гулей. - Си унэ сыщысым деж япэ уэгъуэр зыльызгъэсырккым!

Жамболэт къэуад - техуакъым. Гулей кIакъхэр щIичри, пщыр щхьэщыбкIэ ириудащ.

УнэIут хъыджэбзыр зыбгъэдешэри жреIэ:

- ХьэщIе хьэркьар залымыгъэ уэсхыну аракъым, пщыр кьызэрыпкIэльежьэнур сщIэрти арщ. Си зэран уэкIынкьым, си шыпхъум хуэдэу услъагъунщ.

Хьыджэбзыр зейм хуишэжащ.

Жамболэтым и хьэдэр зригъэтыжакъым. Гулей зэрыIэпкIэлъ пщыр зей льэпкъым хэпщIри, ныдэ щIэжькIи мурад яIэт. Хутыкъуауэ зригъэтырт экъым, зэгуэпх зэрт.

Льэпкъым ис щIалгъэуалэм зыри щамыщIэфым, Жамболэтым и адэр Iуащхьэ чыцэм кIуащ:

- Е къыщехIэ, е щыдэкIыжкIэ срихьэлIэнкъэ! - жери.

Куэдрэ гъэплащ, чыцэм зыхиудыгьуауэ.

Махуэ гуэрым Гулей, хьэщIапIэ щыIэу, кьиригъэззжащ. Пщы лыжьым фочыпэр жыг дыкъуакъуэм кьыдиригъэжри, Гулейм кьиригъэпщащ, арщхьэкIэ кьиуIа фIэкIа кьыхъуэу:

- Зыгъэпсэхугъуэ хэтми пщIэрэ? Гулейщ! Уи псэ пIт щIыкIэ, зыгъэбзэж!

Пщым, щхьэусыгъуэ ищIри, кIэбгъу зищащ, кIуасэри и унэ екIуэлIэжащ.

Ефэ-ешхэр жэщыбг хъуху зэхэсагъэнщ. Жэщыбгым деж къэ тэджыкри, Гулей дэшэсыкIыжащ, адэкIи-мыдэкIи иримыуэнтIэкIыу Жамболэтым и унэм ирихуIащ, пщым и унэIут цIыхубзхэм ящыщ зы шыплIэм дидзэри джащ:

- Зыгъэпсэхугъуэ хэтми пщIэрэ? Гулейщ! Уи псэ пIт щIыкIэ, зыгъэбзэж!

Пщым, щхьэусыгъуэ ищIри, кIэбгъу зищащ, кIуасэри и унэ екIуэлIэжащ.

Ефэ-ешхэр жэщыбг хъуху зэхэсагъэнщ. Жэщыбгым деж къэ тэджыкри, Гулей дэшэсыкIыжащ, адэкIи-мыдэкIи иримыуэнтIэкIыу Жамболэтым и унэм ирихуIащ, пщым и унэIут цIыхубзхэм ящыщ зы шыплIэм дидзэри джащ:

- Зыгъэпсэхугъуэ хэтми пщIэрэ? Гулейщ! Уи псэ пIт щIыкIэ, зыгъэбзэж!

Пщым, щхьэусыгъуэ ищIри, кIэбгъу зищащ, кIуасэри и унэ екIуэлIэжащ.